



Finance Department

Nathan Kuder, Chief Financial Officer

2300 Washington Street
Roxbury, Massachusetts 02119

nkuder@bostonpublicschools.org
617-635-9069

bostonpublicschools.org

MEMORANDUM

TO: Chairperson and Members
Boston School Committee

FROM: Nathan Kuder
Chief Financial Officer

SUBJECT: Grants for Approval

DATE: January 26, 2022

Attached please find the grants for approval by the School Committee on January 26, 2022. Full copies of the grant proposals are available for your review and have been filed with the Office of the Secretary to the School Committee.

Boston Public Schools

Dr. Brenda Cassellius, Superintendent

Boston School Committee

Jeri Robinson, Chair

City of Boston

Michelle Wu, Mayor



SIBVANSYON POU KOMITE LEKÒL LA

Mèkredi 26 Janvyè 2022

Montan	FY	Non Sibvansyon	Estati	Direktè Finansman	Domèn Konsantrasyon (yo)	Sit
\$ 421 803	2022	Kaleidoscope Cohort	Nouvo	Yvonne Macrae	Preparasyon Inivèsite ak Karyè Pwofesyonèl	15 Sit
\$ 100 000	2022	Prevansyon ak Entèvansyon kont Entimidasyon nan Succeed Boston	Nouvo	Jodie Elgee	Prevansyon kont Entimidasyon	1 Sit
\$ 169,911	2022	Pwogram Pilòt Divèsifikasyon Pwofesè yo	Nouvo	Ceronne Daly	Divèsite Edikatè	Nan Tout Distri a
\$ 50 000	2022	Kolaborasyon sou Sante Konpòtmantal nan Milye Lekòl nan Boston	Nouvo	Andria Amador	Sante ak Byennèt	Nan Tout Distri a
741 714\$		Total				

FÒMILÈ AKSEPTASYON KOMITE LEKÒL LA - BPS22643

Non Sibvansyon: Fon Eskolè Kowòt 2 Kaleydoskopi

Estat: Nouvo

Tip Sibvansyon:

Dat Kòmansman ak Dat Finisman: Jedi 1 Jiyè 2021- Jedi 30 Jen 2022

Sous Finansman: Eta (DESE)

Kontak Moun k ap Bay Sibvansyon an: Komal Bhasin

Adrès Moun K'ap Ede a: 75 Pleasant Street Malden MA 02148

Telefòn moun k'ap ede a: (617) 306-9001

Imel moun k ap ede a: komal.bhasin@mass.gov

Depatman Responsab BPS ak/oswa Lekòl (yo): Lekòl Rejyon 1 yo (Charlestown, East Boston, ak North End)

Jesyonè Pwogram BPS la: Yvonne Macrae, Direktè Sibvansyon ak Fon Ekstèn

Chèf Depatman/Direktè Lekòl: Tommy Welch, Sirentandan Lekòl Rejyon 1

Montan Anyèl Pri a 421 803\$

Montan Total Pri a (si peryòd sibvansyon an plis pase yon ane): Pa Aplikab

Opsyon pou Repò a: Non

Anviwon # elèv (oswa pwofesè, manm pèsònèl biwo santral) ki desèvi: 7200 elèv Region 1, 150 pwofesè, ak 20 chèf etablisman/administratè

Sit: Lekòl Region 1 yo - Charlestown HS, Harvard-Kent K6, Warren Prescott K8, Eliot Innovation K8, Adams K6, McKay K8, East Boston EEC, Alighieri Montessori K6, Umana Dual Language Academy K8, O'Donnell K6, Otis K6, PJ Kennedy K6, East Boston HS, Guild K6, and Bradley K6

Patnè Ekstèn Esansyèl yo: DESE Kaleidoscope Collective for Learning

Deskripsyon Sibvansyon:

Devlopman pwofesyonèl ak kotchin (\$371 803):

Kolektiv Kaleydoskòp pou Aprantisaj, yon òganizasyon nan Depatman Ansèyman Primè ak Segondè, soutni yon apwòch baze sou kowòt yo pou founi yon devlopman pwofesyonèl sou aprantisaj apwofondi nan tout Commonwealth la. Yon obyektif kle se pou fè pwogrese devlopman yon vizyon nan echèl Eta (ak rejyonal) pou yon aprantisaj an pwofondè alafwa efikas ak ekitab ak yon konpreyansyon kondisyon mizan-èv nesèsè yo ki soutni tout elèv yo. Konsèp Aprantisaj Apwofondi an enspire apati de plizyè lòt pi bon pratik nan domèn nan, tankou aprantisaj pa pwojè, modèl ankèt yo, aprantisaj miks oubyen ansèyman adapte ak kilti a (egz., Kad Prè pou Rigè). Pratik sa yo dewoule nan kontèks sipò pedagogik wot kalite yo ki alinye yon jan koyeran. Aprantisaj An Pwofondè se entèseksyon: yon pwogram etid alinye sou nòm yo ak adapte ak kilti ki mete elèv yo nan defi; divès pwoblèm otantik ak pètinan ki

angaje elèv yo; ak konpetans yo ak zouti 21èm syèk yo ki prepare elèv yo pou reyisi. Nou konnen Aprantisaj Apwofondi a te pwodui lè nou gade elèv nou yo -- sa yo di, do, ak pwodui -- pou gade yon santiman metriz, idantite, ak kreyativite.

Sibvansyon Kaleidoscope Cohort Two finanse alokasyon devlopman pwofesyonèl pou manm patisipan Ekip Konsiltatif Pilòt yo pandan ane lekòl 2021-2022 an.

Ekip Konsiltatif Lekòl Kaleidoscope Cohort 2 yo

- Chak lekòl nan Kaleidoscope Cohort 2 dwe genyen yon Ekip Konsiltatif Pilòt ki konpoze ak omwen twa manm, ki gen ladan yo yon chèf pedagogik ak omwen de edikatè nan sal klas yo. Odelà de twa manm ki obligatwa, pa gen okenn egzijans ozalantou wol manm Ekip Konsiltatif Pilòt adisyonèl yo. Opòtinite sibvansyon sa finanse yon maksimòm 10 manm chak Ekip Konsiltasyon Pilòt nan chak lekòl nan Kowòt la pou jiska 6 èdtan travay Kaleydoskopi pa mwa.

Konferans Kaleydoskòp, Kotchin sou Plas, ak Aprantisaj Endepandan

- Pandan ane lekòl 2021-2022, Kolektiv Kaleydoskòp la pou Aprantisaj pral òganize de reyinyon obligatwa yon jounen konplè (anviwon 4,5 èdtan) pou manm Ekip Konsiltatif Pilòt Kaleydoskòp yo ak seyans aprantisaj pwofesyonèl chak mwa yo (anviwon 2 èdtan).

- Yon patisipasyon aktif nan de reyinyon yo rekòmande, menm jan ak patisipasyon nan seyans mansyèl aprantisaj pwofesyonèl yo nou ap atann pou tout manm ekip Kaleydoskopi yo.

- Lekòl yo dwe sinyale patisipasyon ak konvokasyon e ak aprantisaj pwofesyonèl la vya yon zouti swivi prezans Kaleydoskopi a bay, ki pral verifye pa Sirentandan Rejyonal yo a.

- Andeyò seyans aprantisaj pwofesyonèl yo, Ekip Konsiltasyon Pilòt (Ekip PAT) pral pase 2-3 èdtan pa mwa pou reyini pou mete an plas aprantisaj nan seyans yo, travay pou kreye divès pwen prèv tach aprantisaj apwofondi ajiste avèk itilizasyon zouti ak resous Kaleydoskòp yo, konsa tou pou prepare deplwaman ak mizan-èv la nan echèl lekòl la nan 2èm ak nan 3èm ane.

- Pèsonèl Kaleydoskòp la pral itilize divès pwotokòl ak kotchin pou soutni mizan-èv ak refleksyon an ekip sou tach aprantisaj pi apwofondi yo pi ajiste ak prepare pa Ekip Konsiltatif Pilòt la. Pafwa, sa kapab gen ladan l divès vizit lekòl ak sal klas ki bezwen Ekip Konsiltatif Pilòt la pou pataje tach yo, ajanda yo, nòt pwotokòl, ak lòt materyèl pedagogik avèk ekip Kaleydoskòp la pou soutni aprantisaj ak kotchin ankou yo.

- Pèsonèl Kaleydoskòp/DESE la pral reyalize kat vizit sou sit yon demi jounen pou ede fasilite reyinyon ekip lokal yo ak aktivite planifikasyon, soutni mizan-èv efò Aprantisaj Apwofondi espesifik Kaleydoskòp yo, konsa tou pou eklere vizyon Eta sou yon Aprantisaj efikas ak ekitab epi kondisyon nesèsè pou mizan-èv yon Aprantisaj pi Apwofondi efikas ak ekitab a gran echèl.

- Pandan reyinyon ekip PAT chak mwa yo, pèsonèl Kaleydoskòp la kapab mande ekip lekòl yo pou anrejistre divès klip videyo tach aprantisaj pi apwofondi ak/oubyen itilize pwotokòl yo ak zouti Kaleydoskòp yo nan objektif pou kreye yon koleksyon egzanp mizan-èv efikas. Videyo sa yo kapab itilize nan divès seyans aprantisaj pwofesyonèl ak pou founi divès egzanp aprantisaj pi apwofondi nan Commonwealth.

- Kaleydoskòp la estime ke edikatè nan sal klas yo pral pase anviwon 60 èdtan pa ane, andeyò èdtan kontra yo, patisipe nan aprantisaj pwofesyonèl yo, kotchin, planifikasyon pou FY22-23, epi angaje nan aktivite ekip PAT yo. Kaleydoskòp estime ke direktè batiman yo pral pase anviwon 50 èdtan pa ane, andeyò èdtan kontra yo, te angaje nan aktivite Kaleydoskòp yo.

Pwosesis Planifikasyon Estratejik nan Lekòl

- Nan Prentan 2022 a, ekip PAT yo pral travay an kolaborasyon avèk ekip Kaleydoskòp la pou elabore plan d aksyon estratejik nan echèl lekòl la pou akonpli objektif pa yo pou soutni aprantisaj pi apwofondi, ki rive enfòmè gras ak travay ekip PAT la nan Ane 1. Remak: Nan SY22-23 ak SY23-24, yo pral atann pou lekòl yo reflekte sou plan nan lekòl yo epi kreye plan d aksyon pou idantifye pwogrè epi detèmine pwochèn etap yo toutotan yo ap mete an èv plan estratejik pa yo.

Lekòl yo dwe reponn ak egzijans ki mansyone anwo yo tout pandan ane 2021-2022 a pou kapab kontinye gen estati aktif nan opòtinite sibvansyon sa a.

Early College (Premye Inivèsite) (\$50 000):

Pou High Schools Charlestown HS ak East Boston HS resevwa \$25 000 yo chak), yon founisè asistans teknik, finanse pa DESE, pral soutni konsepsyon/avansman mizan-èv yon pwogram Early College (Premye Inivèsite). Aprè yon rapò dyagnostik inisyal founisè asistans teknik lan fin ranpli, ekip lekòl la ak pèsonèl DESE pral rankontre founisè a pou egzamine rekòmandasyon rapò dyagnostik

yo. Baze sou rekòmandasyon sa yo, ekip lekòl la pral travay avèk founisè a ansanm ak pèsonèl DESE a pou kreye yon plan plizyè ane pou amelyorasyon Pwogram Early College (Premye Inivèsite) lekòl la pou atenn objektif enonse yo nan Kritè Dezinyasyon Early College Eta a. Lekòl la pral patisipe nan reyinyon regilye yo avèk pèsonèl DESE a ansanm ak founisè asistans teknik lan pou resevwa sipò avèk plan devlopman ak mizan-èv.

Kategori Depans Sibvansyon sa a Peye :

Apwoksativman 88% nan sibvansyon an pral finanse alokasyon devlopman pwofesyonèl yo pou manm Ekip Konsiltatif Pilòt yo nan chak sit lekòl.

Apwoksativman 12% nan sibvansyon an pral finanse planifikasyon ak sipò pou Dezinyasyon Early College nan Charlestown and East Boston High Schools.

Objektif ki Espesifik, Mezirab, Reyalizab, Reyalistik, ak Objektif ki Limite nan Tan (SMART)

Objektif #1: Nan Prentan 2022 a, Ekip Konsiltasyon Pilòt yo pral travay an kolaborasyon avèk ekip Kaleydoskòp la pou elabore plan d aksyon estratejik nan echèl lekòl la pou akonpli objektif pa yo pou soutni aprantisaj pi apwofondi, ki rive enfòme gras ak travay ekip PAT la nan Ane 1. Nan kad pwosesis sa, Ekip Konsiltatif Pilòt yo nan chak sit lekòl pral kolabore pou ajiste omwen twa inite leson pandan premye ane patenarya Kaleydoskòp la.

Endikatè: Achèvmman plan d aksyon nan echèl lekòl la; prèv ajisteman tach/leson nan lektè pataje/sitwèb Region 1

Objektif #2: Disi Me 2022, Chèf Etablisman yo pral kolabore pou devlope yon pwojè inisyalyon Plan Mizan-èv Lekòl de Kalite yo a (Quality School Implementation Plan, QSIP) pou SY23 ki alinye sou objektif deplwaman Literasi Ekitab pa distri a, Region 1 an konsantre sou prensip kle Aprantisaj Apwofondi, ak Konsantrasyon Pedagojik espesifik Lekòl yo.

Endikatè: Achèvmman pwojè inisyalyon SY23 QSIP ki alinye sou estrateji envestisman ESSER chak lekòl ak plan aprantisaj pwofesyonèl pou ane k'ap vini an.

ALIYMAN AK BPS Angajman ak Priyorite Vizyon Estratejik 20/25 (yo)

Anplis de domèn anba yo, genyen yon kantite mezi pwogrè ki alinye nan Plan Estratejik BPS la ki lye ak domèn sa yo travay Kaleydoskòp la ap soutni.

Aliyman ak sis angajman ki gen ladan yo domèn swivan yo:

<p>1: Elimine lakin nan sa a ki gen rapò ak opòtinite ak objektif</p>	<ul style="list-style-type: none"> - 1.3 Abilite ak asosye ak edikatè yo pou egzamine kourikoulòm nan pou prejije ak pètinans kiltirèl ak lengwistik, pou asire yo ke nouvo acha kiltirèlman ak lengwistikman pètinan. - 1.10 Devlope ak siveye pwogrè pou atenn objektif eksplisit pou elèv ki andikape yo epi mete an èv divès estrateji pou ogmante pratik enklizyon yo epi remedye dispwopòsyonalite nan divès kontèks ki pa fin prepare nèt.
<p>2: Akselere aprantisaj</p>	<ul style="list-style-type: none"> - 2.2 Soutni epi ankadre edikatè yo pou yo ofri divès opòtinite aprantisaj enklizif wot kalite pou yo asire ke elèv andikape yo resevwa bon sèvis nan kad ansèyman jeneral la. - 2.3 Bay bonjan pwogram lengwistik ak kiltirèl ak ansèyman ki genyen opòtinite aprantisaj nan ar (art), syans, aprantisaj, langaj modyal, edikasyon fizik, edikasyon sanitè, ak edikasyon sivik, aksè ak pwogram atletik ak teknoloji, epi entegre byennèt elèv yo konplètman nan eksperyans edikatif la.

	<ul style="list-style-type: none"> - 2.5 Aplike divès atant ak pwogram etid elemantè ki rigoure e konsistan pou prepare tout elèv yo pou lekòl segondè, ki gen ladan yo pwogram nan domèn syans ak matematik. - 2.8 Reyalize yon plan devlopman pwofesyonèl konplè nan tout distri a pou parapwofesyonèl yo, pwofesè, konseye, ak lidè biwo santral ak lidè lekòl yo pou devlope kapasite ak ekspètiz pou chanje avni elèv yo jan sa dekri nan plan sa a.
3: Bay Tout Lide Valè	<ul style="list-style-type: none"> - 3.3. Akeyi ak valorize tout fanmi yo ak elèv yo nan lekòl nou yo, enkli yo antan ke patnè nan amelyorasyon lekòl la ak aprantisaj elèv yo.
4: Ogmante Opòtinite	<ul style="list-style-type: none"> - 4.3 Kenbe yon estanda efikasite òganizasyonèl ak ekselans pou fè sèten ke nou reponn ak bezwen elèv yo epi defini sèvis akademi fondasyonèl ak sèvis sipò ke tout lekòl dwe bay.
5: Kiltive Konfyans	<ul style="list-style-type: none"> - 5.3 Sipòte ak fè lidè lekòl yo pran responsablite yo pou kreye yon kominote eskolè ki enklisif, ki konsève kilti ak lang ak ogmante lidèchip pwofesè yo. - 5.4 Fè BPS yon espas kote edikatè ak pèsònèl t ap renmen jwenn travay paske yo konsantre sou sèvi elèv nou yo ak yo santi nou valorize yo ak yo jwenn sipò nan travay yo.
6: Aktive divès Patenarya	<ul style="list-style-type: none"> - 6.3 Kowòdone òganizasyon patnè yo avèk pèsònèl lekòl la pou anrichi aprantisaj ak sèvis pandan jounen la ki gen ladan sipò pou elèv, preparasyon ak konsiltasyon pou inivèsite, doub enskripsyon, ansanm ak chimen pou preparasyon prekòs pou inivèsite. - 6.4 Ankouraje sansibilizasyon sou inivèsite ak karyè ansanm ak eksperyans travay nan kireye pakou ki vizib pou opòtinite nan edikasyon apre lekòl segondè, fòmasyon, komès ak opòtinite nan karyè.

FÒMILÈ AKSEPTASYON KOMITE LEKÒL LA - BPS22675

Non Sibvansyon: Prevansyon ak Entèvansyon kont Entimidasyon nan Succeed Boston

Estat: Nouvo

Tip Sibvansyon: Prive

Dat Kòmansman ak Dat Finisman: Imedyatman

Sous Finansman: Sa se yon don prive ki soti nan Fanmi English

Kontak Moun k ap Bay Sibvansyon an: Paul English

Adrès Moun K'ap Ede a: 22 Liberty Drive, Boston MA 02210

Imel Donatè a: pmeboston@gmail.com

Telefòn moun k'ap ede a: 617-329-1549

Depatman Responsab BPS ak/oswa Lekòl (yo): Jesyonè Pwogram BPS Sant Konsiltasyon ak Entèvansyon Succeed Boston @:

Yvonne Macrae, Direktè Sibvansyon ak Fon Ekstèn Chèf Depatman/Direktè Lekòl: Jodie Elgee, Direktris Prensipal

Montan Anyèl Pri a 100 000 \$

Opsyon rapò: nenpòt ak tout

Anviwon # elèv (oswa pwofesè, manm pèsonèl biwo santral) ki desèvi: 750

Sit: 515 Hyde Park Avenue Roslindale, MA

Patnè Ekstèn Esansyèl yo: TBD

Deskripsyon Sibvansyon:

Sibvansyon an vize mete an evidans, pou ogmante kapasite ak resous pou travay k'ap fèt sou Prevansyon ak Entèvansyon kont Entimidasyon nan Succeed Boston. Kat domèn travay yo gen ladan yo:

Domèn 1: Pwomosyon ak Devlopman

Rekrute yon redaktè/konsiltan nan devlopman pou idantifye ak mande sibvansyon ki akse sou prevansyon kont entimidasyon ak pou

- Travay avèk elèv yo nan divès gwoup diskisyon pou devlope yon kanpay elèv yo ap dirije ki konsantre sou otonomizasyon espektatè yo.
- Devlope divès materyèl pwomosyonèl

Domèn 2: Ogmante rapò elèv yo avèk itilizasyon Liy Asistans Telefonik Safe Space ak Prevansyon Kont Entimidasyon (\$15 000) ● Elaji Prezans sou Rezo Sosyal yo TikTok, Instagram, Twitter

- Edike elèv yo sou wol ak enpak espektatè yo genyen nan sitiyasyon entimidasyon yo, (egz., entimidasyon an kanpe nan 10 segonn lè yon kamarad entèveni).
- Bay espektatè yo yon varyete fason pou entèveni ak soutni sib vize yo (egz., chita avèk yon elèv ki poukont li nan kafeterya oubyen bis la)
- Prezante divès vinyèt espektatè nan pwòp vwa yo

- Devlope divès kwiz enteraktif anliy kote elèv yo chwazi sa yo t'ap fè nan divès sitiyasyon, kòman pou rezoud divès konfli, sa ki pou fèt lè yo temwen entimidasyon, diskou sou prejije, oubyen konpòtman
- Founi divès resous anliy ki ajou (egz., fason pou chèche èd)
- Mennen divès sondaj

Domèn 3: Evalyasyon Pwogram ak Dotasyon:

- Retabli Pwogram Saturdays for Success nan Distri a nan 4 sit (East Boston, Dorchester, Brighton, Roslindale)
- Ajoute pèsonèl (sou kontra) pou evalye pwogram nan, analize done dezagreje yo rapò sou entimidasyon pa lekòl epi elabore yon sondaj ki bay done mezirab pou enfòmasyon pwochen etap nan devlopman pwogram nan
- Envesti nan divès mezi pou atenn yon priz desizyon baze sou done yo konsènan enpak ak finansman Domèn 4: Kowòdone, klarifye ak devlope plis wol Espesyalis Entèvansyon nan Kesyon Entimidasyon (Bullying Intervention Specialist, BIS)
- Devlope divès kowòt espesyalis pa tip lekòl pou yon fòmasyon trimèstriyèl
- Mete ajou dokiman oryantasyon yo ak fòmasyon materyèl fòmasyon pou BIS

Kategori Depans: **Konsiltan, evalyatè, alokasyon pou pèsonèl BPS la, Objektif Espesifik, Mezirab, Atenyab, Reyalis ak Limite nan Tan (Specific, Measurable, Attainable, Realistic, and Time-bound, SMART) materyèl pwogram yo**

Objektif # 1: Ogmante sansibilizasyon ak itilizasyon Liy Asistans Telefonik Safe Space ak Prevansyon kont Entimidasyon pa elèv yo Endikatè: Kantite apèl ak paj elèv yo wè pral ogmante pa 100%

Objektif #2: Kolekte done yo pou evalye efikasite [Pwogram Saturdays for Success](#)

Endikatè: Gras ak itilizasyon ankèt preyalab ak ki fèt an apre, elèv yo pral montre yon pi bon konpreyansyon dinamik entimidasyon ak yon chanjman atitud anvè elèv ki se sib yo ak enpak espektatè yo pou anpeche ak kanpe entimidasyon an

Tanpri presize ke sibvansyon sa a aliye ak Angajman ak Priyorite Vizyon Distri yo pou ane. ELIMINE EKA OPÒTINITE AK REYISIT

1.8 Devlope kapasite pou abòde faktè sosyal ak sante ki kontribye nan lakin nan opòtinite, pa egzanp - lafen, maladi kwonik, sante mantal, sante seksyèl, sanzabri, ansanm ak idantite LGTQ+. (ajoute Entimidasyon)

AKSELERE APRANTISAJ:

2.6 Redui absans kwonik lè n asire nou yo byen akeyi elèv yo nan salklas ki lajwa ak angajman kote bezwen chak moun ka konble.

2.7 Fè chak lekòl vin yon espas sen pou chak elèv BPS, ofri sipò ak pwoteksyon nesèsè pou aprann, grandi, epi pwospere.

FÒMILÈ AKSEPTASYON KOMITE LEKÒL LA – BPS22622

Non Sibvansyon: Pwogram Pilòt Divèsifikasyon Pwofesè yo

Estat: Kontinyite

Tip Sibvansyon: Konpetitif

Dat Kòmansman ak Dat Finisman: 07/12/2021 – Mèkredi 31 Out 2022

Sous Finansman: Eta

Kontak Moun k ap Bay Sibvansyon an: Shay Edmond

75 Pleasant Street Malden MA 02148

Telefòn: (781) 338-3219

Imèl: sedmond@doe.mass.edu

Depatman Responsab BPS ak/oswa Lekòl (yo): Biwo Sirentandan

Divizyon Eka Ekite, Estrateji, ak Opòtinite

Jesyonè Fon BPS: Ceronne B. Daly, Direktè Jeneral la

Biwo Pwogram Rekritman, Kilti ak Divèsite

Chèf Depatman/Direktè Lekòl: Charles Grandson, Direktè Aksyon ak Estrateji: Montan Atribisyon Anyèl: \$169

911

Montan Total Pri a (si peryòd sibvansyon an plis pase yon ane): Pa Aplikab

Opsyon pou Repò a: Non

Anviwon # elèv (oswa pwofesè, manm pèsònèl biwo santral) ki desèvi: 75+ Elèv, 85+ Edikatè Patnè Ekstèn Prensipal:

TBD

Deskripsyon Sibvansyon

Pwogram Pilòt Konpetitif Divèsifikasyon Pwofesè yo konsevwa pou soutni efò distri lekòl lokal yo pou ranfòse ak divèsifye pwogram rekritman ak retansyon pwofesè ki egziste yo. Gras ak itilizasyon fon piblik yo, distri lekòl pilòt k'ap patisipe yo pral angaje nan divès apwòch reflechi ki vize ogmante kantite pwofesè efikas ak divèsifye nan lekòl pa yo. Kandida yo kapab pwopoze pou itilize fon sibvansyon yo pou ranfòse pwogram rekritman ak retansyon pwofesè ki egziste yo nan fason swivan yo: Èd Finansyè pou Parapwofesyonèl, Diplome Distri yo ak lòt Diplome Inivèsitè ak Pwofesè ki Pwovizwaman Agreye, Rekritman Pwofesè yo ak Ensitasyon Finansyè; Devlope Pwòp Inisyativ Nou - Pakou Edikasyon. Distri lekòl yo pral idantifye divès estrateji reflechi e ak enpak elve pou amelyore inisyativ "ddevlopman pèsònèl" ki egziste yo. Divès egzanp estrateji ki gen enpak elve gen ladan yo, men san limite ak sa; ensitatif finansye, soutyen finansye ak parapwofesyonèl, devlopman/amelyorasyon pakou edikasyon espesifik pou

elèv edikasyon elve yo, devlopman patenarya, idantifikasyon ak itilizasyon estrateji retansyon pwofesè a baze sou rechèch, etsetera.

Kategori Depans Sibvansyon sa a Peye

Pwogram	Deskripsyon Brèf Depans lan	Montan Rekonpans
Sipò MTEL	Alokasyon Pèsonèl yo	\$ 79 942,48 (47%)
Kadè Pwofesè	Alokasyon Pèsonèl yo, Konferansye yo Vizit Inivèsite yo, Estajyè - Kontra yo	\$ 61 434,51 (36%)
Rekritman	Bonis Rekritman yo - Alokasyon yo	\$ 14 000,00 (8%)
Dirabilite	Founiti	\$ 10 018,71 (6%)
Pri endirèk	2.73% depans	\$ 4 515,30 (2,66%)
Total		\$169 911

Objektif ki Espesifik, Mezirab, Reyalizab, Reyalistik, ak Objektif ki Limite nan Tan (SMART)

Objektif #1: Pwogram BPS Teacher Pipeline yo ak Soutyen Preparasyon MTEL nan Biwo Rekritman, Kilti ak Divèsite, Divizyon Ekite, Estrateji ak Opòtinite pral ogmante kantite pwofesè BIPOC ke BPS agreeye, prepare, ak rekrute disi Out 2022. Fon sa yo pral soutni objektif estratejik distri a pou divèsifye pèsonèl pwofesè a an repons ak Lalwa LOOK nan fòm divès edikatè bileng gras ak volè Apwobasyon Bileng nou an, Apwobasyon SEI ak nan Kou Sipò ak Preparasyon MTEL yo, founi gratuitman ak parapwofesyonèl nou yo, ak chanjè karyè yo e ak pwofesè ranplasan alontèm yo yon jan pou yo vin jwenn lisans pwovizwa yo. Anplis de sa, gras ak Pwogram Teacher Cadet nou an pou lekòl pre-segondè yo, atravè pwogram inivèsite elèv BPS aktyèl nou yo ki mal desèvi ak ki konstaman majinalize pral gen posibilite pou aprann, anseye, ak dirije nan divès karyè espesifik nan edikasyon, an patikilye nan STEM yo, ak nan literasi matematik.

Endikatè yo:

- 45 pwofesè an fòmasyon inisyal yo nan Pwogram Edikatè Bileng/Kominote Akselere pou Pwofesè yo, RCD pral resevwa sipò preparatwa, yon Apwobasyon SEI ak semèn fòmasyon pre-pratik pou jwenn yon lisans. 12 pami 45 pwofesè pral resevwa yon apwobasyon bileng disi Out 2022
- 14 pwofesè an sèvis, premye ane, atan plen nan BPS Teaching Fellowship (Bous Ansèyman BPS) pral resevwa yon sipò pou MTEL matyè yo epi pral jwenn Lisans Inisyal pa yo nan ESL ak/oubyen andikap modere yo.
- 75 Kadè Pwofesè lekòl pre-segondè atravè inivèsite pral resevwa divès pwogram nan mantora ak lidèchip elèv pou eksplore divès karyè nan edikasyon, ki gen ladan yo anseye yon kou literasi matematik lete sa nan Trotter Elementary School. Elèv Senyò nan lekòl segondè yo pral gen Kadè ki nan inivèsite pou soutni yo nan demann admisyon yo nan inivèsite ak planifikasyon karyè yo.

Objektif # 2: Ogmante kantite divèsite pwofesè ki rekrute nan BPS nan matyè ki pi difisil yo pou dote an pèsonèl oubyen gwoup demografik ki pi rechèche yo, ki gen ladan yo edikatè Latino yo, edikatè maskilen koulè yo, edikatè bileng yo, oubyen edikatè

bileng yo, oubyen edikatè milti-lisans yo nan kiltive ak rekrute kandida pwofesè yo pou yo rekrute yo disi Out 2022.

Endikatè: Omwen 28 edikatè divèsifye pral rive rekrute alawit resepsyon bonis rekrutman. 100% kandida pral pami popilasyon distri a tradisyonèlman gen difikilte pou rekrute ak bay travay yo.

FÒMILÈ AKSEPTASYON KOMITE LEKÒL LA – BPS22677

Non Sibvansyon: Kolaborasyon sou Sante Konpòtmantal nan Milye Lekòl nan Boston (BSBBHC).
Estati: Nouvo
Tip Sibvansyon: Don
Dat Kòmansman ak Dat Finisman: 01/09/2021- 31/08/2022
Sous Finansman: Eta oubyen Federal: Prive
Kontak Moun k ap Bay Sibvansyon an: Jason Kahn
Ko-Fondatè ak Direktè Syantifik Neuromotion
Telefòn: 617-230-5659
Imèl: jason@neuromotion-labs.com

Depatman Responsab BPS ak/oswa Lekòl (yo): Sèvis Sante Konpòtmantal (Behavioral Health Services)

Jesyonè Fon BPS: Andria Amador, Direktè Prensipal Sèvis Sante Konpòtmantal

Chèf Depatman/Direktè Lekòl: Andria Amador, Direktè Prensipal Sèvis Sante Konpòtmantal yo

Montan Anyèl Pri a 50 000,00 \$

Montan Total Pri a (si peryòd sibvansyon an plis pase yon ane):

Opsyon pou Repò a: Wi, avèk apwobasyon

Anviwon # elèv (oswa pwofesè, manm pèsonèl biwo santral) ki desèvi: 10 000

Sit: Tout lekòl BPS yo

Patnè Ekstèn Esansyèl yo: Depatman Sèvis Sante Mantal Boston Metro ak Founisè Sante Mantal Kominotè BPS yo

Deskripsyon Sibvansyon

Tanpri, fè yon deskripsyon wo nivo ki gen ant 2 a 3 fraz sou sibvansyon sa a.

Sibvansyon sa pèmèt pouswit mizan-èv ak ekspansyon Kolaborasyon sou Sante Konpòtmantal nan Milye Lekòl nan Boston (BSBBHC). BSBBHC ko-dirije an kolaborasyon avèk Sèvis Sante Konpòtmantal BPS ak Depatman Sante Mantal Metro Boston. The BSBBHC rasanble tout patnè kominotè sante konpòtmantal yo menm jan ak ajans alye vil ak Eta yo ki founi divès sèvis sante konpòtmantal pou elèv BPS yo. Sibvansyon sa pral kreye yon pozisyon jesyon tan pasyèl pou ede kowòdone travay kolaborasyon an, ki gen ladan li konferans Anyèl BSBBHC, devlopman pwofesyonèl, koleksyon done ak mizan-èv Estanda Pratik BSBBHC yo.

Kategori Depans Sibvansyon sa a Peye

Tanpri, fè yon deskripsyon sou eleman prensipal sibvansyon sa pral peye yo.

- \$50 000 sibvansyon an pral itilize pou finance pòs Direktè Pwojè Kolaborasyon sou Sante Konpòtmantal nan Milye Lekòl nan Boston (BSBBHC) Pozisyon sa pral soutni fonksyonman Kolaborasyon sou Sante Konpòtmantal nan

Milye Lekòl nan Boston (BSBBHC) ki gen ladan l devlopman patenarya, koleksyon done ak devlopman pwofesyonèl patenarya.

Objektif ki Espesifik, Mezirab, Reyalizab, Reyalistik, ak Objektif ki Limite nan Tan (SMART)

Tanpri detaye jiska 3 Objektif ak endikatè SMART pou sibvansyon sa a. Chak Objektif ta dwe kaptire yon rezilta ki konsantrè sou elèv la epi ki kantifyab, nan sibvansyon an. Chak endikatè ta dwe dekri zouti ou pral itilize pou mezire pwogrè nan objektif la.

Objektif # 1: Disi Jen 2022, tout patnè sante mantal kominote yo pral pataje enfòmasyon sou pwogram detaye avèk BPS ki gen ladan yo done sou nivo elèv.

Endikatè: Pòtay Patenarya BPS

Objektif#2: Disi Jen 2022, BSBBHC pral founi divès evènman devlopman mendèv yo ki gen ladan yo yon konferans anyèl ak divès opòtinite devlopman pwofesyonèl chak mwa.

Endikatè: Fòmilè evalyasyon konferans anyèl BSBBHC

Objektif # 3: Disi Septanm 2022, BSBBHC pral pwodui yon rapò anyèl ki pral rezime travay patenarya nan kesyon sante konpòtmantal ki dewoule nan BPS. (Nòt: Pifò nan sa yo ap fin reyalize disisi mwa Jen 2022 a, sof Rapò Anyèl ki gen pou pibliye nan mwa Septanm 2022 a)

Endikatè: Rapò Anyèl BSBBHC